

# Sipò pou Fanmi Maine yo ki gen Jèn Timoun



oswa rele nimewo  
1-888-644-1130

## Sistèm Referans CradleME

CradleME ap ede konekte ou avèk bon sèvis ki baze nan kay pou ou ak bebe ou pou gratis. CradleME se yon patenarya ant anpil pwogram.



oswa rele nimewo  
207-287-3991

## Pwogram Nitrisyon WIC

WIC sèvi fanm ansent yo, manman k ap bay bebe yo tete, ak timoun yo jouk nan laj 5 ane, ak timoun ki nan fanmi akèy yo tou. WIC se yon sen nitrisyon konplè epi li ofri manje ki bon pou sante, edikasyon sou nitrisyon, sipò pou alètman, ak referans nan lòt sèvis yo.



oswa rele nimewo  
1-888-644-1130

## Public Health Nursing

Enfimyè Sante Piblik CDC Maine bay sèvis sante nan kay pou fanmi yo. Tout fanm anvan-akouchman ak fanm apre-akouchman ak tout nouvo bebe yo ak bebe yo jouk nan laj 12 mwa ka resevwa yon vizit yon Enfimyè Sante Piblik. Si ou gen kesyon sou sante ou ak sante bebe ou, ou ka mande yon enfimyè nempòt lè depi ou rele nimewo CradleMe.



oswa rele nimewo  
1-888-644-1130

## Maine Mom

MaineMOM ap fè swen an vin pi bon pou fanm ansent yo ak fanm yo apre-akouchman ki gen twoub akòz itilizasyon opiyoyid ak bebe yo. Pou fè sa, y ap ajoute sèvis tretman pou manman yo ak tretman akòz itilizasyon alkòl oswa dwòg. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou biwo sèvis MaineMOM ak sou fason poui bay referans pou sèvis yo sou sitwèb MaineMOM.org.

## Gadri ak Head Start



Youn nan desizyon ki pi enpòtan w ap pran se pral chwazi sèvis gadri. Pwogram bon kalite yo ofri swen ak sipò ankourajan pou timoun aprann bonè, epi Maine gen resous pou ede ou!



Pwogram Child Care Affordability ede fanmi ki kalife yo peye pou sèvis gadri pou paran yo kapab travay, ale lekòl, oswa patisipe nan yon pwogram fòmasyon pou yo jwenn djòb. Gen asistans ki disponib tou pou fanmi ki kalife yo yo kote adilt retrete (yo) se responsab legal yon timoun.



Head Start ofri edikasyon bonè ki gratis ak kalite siperyè ak nitrisyon jeneral, swen sante, sante mantal, edikasyon pou paran/moun k ap bay sen, ak sipò prenatal pou moun ak fanmi kalife yo ki gen timoun depi akouchman jiska laj 5 ane.

Rele nimewo  
1-855-797-4357

## MaineCare

MaineCare se pwogram Medicaid Maine epi li bay asirans sante pou gratis oswa pou pri ki ba pou adilt ki pa touche ase revni, timoun, fanm ansent, granmoun aje , ak moun andikape. MaineCare ap ede ou resevwa swen sante ou bezwen pou pran swen tèt ou ak fanmi ou. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon epi ou kapab aplike pou MaineCare depi ou ale sou sitwèb MyMaineConnection.gov.



oswa rele nimewo  
207-642-7991

## CoverME

Health Coverage for Maine (CoverME.gov) bay enfòmasyon sou chwa asirans sante ki gratis ak pou pri ki ba pou fanmi Maine yo. Ou kapab jwenn yon anyè òganizasyon lokal tou ki kapab ede ou konprann chwa kouvèti yo ak ranpli yon aplikasyon.



oswa rele nimewo  
1-833-714-7969

## Help Me Grow Maine

Help Me Grow Maine se yon pwen aksè santral ki deziyen pou konekte fanmi timoun depi lè yo fèt jouk nan laj huitan, ak moun k ap pran swen fanm ansent yo, pou jwenn enfòmasyon ak sèvis sou devlopman timoun ak resous kominotè yo. Nan tèt ansanm avèk 211 Maine, moun k ap bay swen yo ak pwofesyonèl swen sante yo kapab kontakte Help Me Grow pou yo jwenn sipò siplément. Help Me Grow pral koute, konekte fanmi yo avèk sèvis yo, epi bay swivi pou moun k ap bay swen yo ak sous referans yo.



## Maine Families

Maine Families se yon rezo ekip kominote tout kote nan eta a k ap satisfè bezwen fanm ansent yo ak paran yo ki gen nouvo bebe. Vizitè k ap bay swen ak vizitè pwofesyonèl nan kay pral fòme yon patenarya avèk ou pou yo kapab jwenn enfòmasyon ak resous ki kapab sipòte sante fizik ak sante emosyonèl bebe ou ak fanmi ou nèt.



oswa rele nimewo  
877-770-8883

## Early Intervention for ME, 0-3 ane ak Free Appropriate Public Education, 3-5 ane

Depatman Edikasyon Maine ki gratis ak volontè ki kòmanse nan akouchman ofri pwogram kwasans ak aprantisaj ki bon pou sante. Early Intervention for ME, depi akouchman jiska twazan bay evalyasyon devlopmantal endividyal, ki konsantre sou fanmi, sipò nan aprantisaj ak kèk lòt resous. Jèn timoun ki gen laj twazan jiska senkan, ap jwenn avantaj nan edikasyon piblik apwopriye ak sèvis devlopmantal asosye (Sèvis Devlopman Timoun, Pati B).



## Plan of Safe Care (POSC)

Yo kreye Maine's Plan of Safe Care ant yon sèvis swen sante oswa founisè sèvis sosyal, manman ak/oswa lòt moun k ap bay swen, pou idantifye pwen fò ak bezwen fanmi yo, resous ki bay avantaj, ak aksyon pou pi byen sipòte bebe ak fanmi yo ki ekspoze nan alkòl oswa dwòg. Yon Plan of Safe Care gen ladan souvan referans nan sèvis oswa mwayen poui bay enfòmasyon kontak pou fanmi yo pou pwòp swivi yo.



oswa rele nimewo  
1-800-698-3624

## Children and Youth with Special Healthcare Needs

Children and Youth with Special Health Care Needs travay avèk fanmi timoun ak jèn moun ki gen bezwen swen sante espesyal epi ki poko gen laj 22 ane. CYSHCN kapab gide fanmi yo ak òganizasyon yo nan jwenn resous pou pi byen satisfè bezwen pitit yo. Ekip la kapab gide fanmi yo nan sistèm medikal konplèks yo, pou konekte yo avèk swen k ap reyalize pi bon rezulta posib la pou pasyan yo.



oswa rele nimewo  
207-624-7991

## Early Childhood Consultation Partnership

Konsilтан ECCP yo travay ansanm avèk fanmi yo, founisè sèvis gadri yo, ak pwofesè yo pou sipòte bezwen sante mantal jèn timoun ki gen laj 0-8 ane ki gen pwoblèm konpòtmantal oswa emosyonèl nan gadri yo oswa nan lekòl yo. sèvis ECCP yo se sèvis poui tan kout, volontè, ak gratis.

Pou eskane kòd QR yo, louvri aplikasyon kamera a nan aparèy ou epi pwente li nan kòd ou vle eskane a. Yon lyen ap parèt nan ekran an — klike sou li pou swiv sitwèb la.



Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinité egalego pou tout moun.